



Siveyans ka ak rechèch kontak

Lè yon moun teste pozitif pou COVID-19, yo rapòte rezilta sa yo bay Depatman Sante Piblik Massachusetts (MDPH). MDPH rapòte rezilta yo bay depatman sante lokal vil la oswa minisipalite a kote moun nan rete a. Si moun nan rete Boston, y ap voye rezilta yo bay Biwo Kontwòl Maladi ki Bay Enfeksyon (IDB), ki fè pati Komisyon Sante Piblik Boston (BPHC). IDB ap asiye yon pwofesyonèl sante piblik pou l chèche kontak yo e pou l siveye sentòm moun nan genyen yo.

Ki kalite enfòmasyon y ap kolekte pandan y ap siveye yon ki enfekte a?

Pwofesyonèl sante piblik la ap verifye adrès ka a, l ap jwenn enfòmasyon klinik sou li e l ap idantifye kontak li yo. Y ap bay moun ki enfekte a enfòmasyon sou COVID-19 ak sou fason pou l ret izole lakay li. Izolasyon se yon mo yo itilize pou pale de restriksyon yo enpoze pou anpeche yon moun gaye viris la bay lòt moun. Eitou, y ap mande moun ki enfekte a pou li kontinye siveye sentòm li yo epi mete sou pye yon plan pou l resewva swen si sentòm li yo ta vin pi mal. Y ap fè l konnen ki jan pou l kontakte BPHC tou. Pwofesyonèl sante piblik la ap kenbe kontak ak moun nan pou otorize l soti anba izolasyon lè pa gen danje ankò.

Ki sa rechèche kontak la ye? Poukisa li enpòtan?

Moun ki gen yon kontak sere ak yon moun ki enfekte ak COVID-19 la gen plis chans pou yo pran enfeksyon an e pou yo enfekte lòt moun. Yon kontak sere se lè yon moun te nan yon distans ki mwens pase 6 pye ak yon moun ki enfekte pandan omwen 10-15 minit, pandan moun nan te gen sentòm oswa sou 48 èdtan apre sentòm yo te kòmanse. Apre yon kontak vin ekspozé ak yon moun ki enfekte, yo siveye l pou wè si l pran enfeksyon an. Si kontak la vin enfekte, BPHC ap ede l jwenn swen ak tretman epi l ap ede l evite gaye viris la plis toujou. Se siveyans sa a yo rele rechèch ak suivi kontak. Li gen twa etap debaz ladan l:

- **Idantifikasyon kontak yo:** Y ap poze moun nan kesyon sou aktivite li ak sou aktivite ak wòl moun yo frekante yo pandan yo te ka bay enfeksyon an. Sa pral pèmèt yo idantifye kontak yo. Yon kontak se kapab nenpòt moun ki te gen yon kontak sere ak yon moun ki enfekte a: yon manm fanmi, yon kòlèg travay, yon zanmi oswa yon pwofesyonèl sante.
- **Lis kontak yo:** Y ap enskri tout moun yo konsidere ki te gen yon kontak sere ak moun ki enfekte a nan yon lis kontak. Y ap fè efò pou idantifye chak kontak e pou fè yo konnen yo te gen yon kontak ak yon moun ki enfekte konsa gen chans pou yo enfekte tou. Yap mande moun ki te gen yon kontak sere yo pou yo rete an karantèn pou 14 jou apre dènye jou yo te gen kontak ak moun enfekte a e pou yo siveye sentòm yo. Karantèn se yon mo yo itilize pou pale de restriksyon yo enpoze bay yon moun ki te ekspozé ak enfeksyon an kote gen posiblite pou l pran enfeksyon an, pou l malad, pou l bay lòt moun maladi a e pou l prezante yon risk pou lòt moun. Kontak yo ta dwe fè yon tès COVID-19 e yap bay yo enfòmasyon sou fason pou yo pa gaye viris la.
- **Suivi kontak yo:** Y ap rele kontak yo e yap bay yo enfòmasyon sou karantèn ak sou nesite pou yo fè otorite yo konnen ki lè peryòd karantèn nan fini.
 - Kontak yo dwe siveye eta sante yo epi yo ta dwe gen yon plan pou jwenn swen si yo ta kòmanse gen sentòm. Pa egzanp, nan ka sa a, yo ta dwe rele BPHC.
 - Kontak yo ta dwe fè yon tès COVID-19. Yap bay kontak yo enfòmasyon pou fè yo konnen ki lè ak ki jan yo ka fè sa.

Ki lè yo otorize yon ka konfime pou l soti anba izolasyon?

Yon ka konfime ki gen COVID-19 dwe rete izole lakay li jiskaske pa gen posiblite ankò pou l gaye enfeksyon an. Yap otorize moun ki enfekte a le pou li soti anba izolasyon nan kad yon estrateji ki baze sou tès oswa ki pa baze sou tès.

Sof nan kèk sitiyasyon patikilye, yo pa rekòmanse estrateji ki baze sou tès la ankò paske, nan pifò ka yo, li fè moun ki toujou gen tras viris SARS-Cov-2 yo detekte nan ARN yo rete anba restriksyon alòske yo pa kapab bay lòt moun enfeksyon an ankò.

- Pa gen lafyèvan san moun nan pa t pran medikaman pou desann lafyèvan la **epi**
- Sentòm yo amelyore (p. eg. tous, souf kout) **epi**
- 2 rezilta nefatif nan tès COVID-19.
- Yo ta dwe anvizaje sèvi ak estrateji ki baze sou tès la pou moun ki iminovilnerab yo e yo ta dwe konsilte ekspè nan maladi ki bay enfeksyon yo pou sa.

2. Estrateji ki pa baze sou tès pou piblik la an jeneral

- Omwen 24 èdtan fin pase *depi lafyèvan la fini* san moun nan pa t pran medikaman pou desann lafyèvan la **epi**
- Sentòm yo amelyore (p. eg. tous, souf kout) **epi**
- Omwen 10 jou fin pase *depi premye sentòm yo te parèt*.

3. Estrateji ki pa baze sou tès pou moun ki gen yon maladi nan nivo grav a kritik oswa pou moun ki iminovilnerab (sa gen ladan l pwofesyonèl sante yo tou)

- Omwen 24 èdtan fin pase *depi lafyèvan la fini* san moun nan pa t pran medikaman pou desann lafyèvan la **epi**
- Sentòm yo amelyore (p. eg. tous, souf kout) **epi**
- Omwen 20 jou fin pase *depi premye sentòm yo te parèt*.

Pwofesyonèl sante ki **iminovilnerab nan yon nivo grav** yo, men ki pa gen sentòm, kapab retounen travay kou omwen 20 jou fin pase *depi dat premye tès pozitif yo*.

Moun ki gen COVID-19 yon laboratwa konfime men ki pa gen sentòm yo kapab soti nan izolasyon pou omwen 10 jou fin pase *depi dat premye tès COVID-19 pozitif yo*, *depi yo toujou pa gen sentòm*.

Èske BPHC bay yon lèt pou konfime ka a kapab soti anba izolasyon? Wi. Si BPHC t ap siveye moun enfekte a, kou ka a otorize pou l soti anba izolasyon, yon enfimyè sante piblik ap ba li yon lèt, si l mande sa, pou konfime li pa oblije rete nan izolasyon ankò ni li pa anba okenn restriksyon sante piblik.

Èske lòt pwofesyonèl sante kapab otorize yon moun pou l soti anba izolasyon?

Se komite sante lokal la sèlman ki kapab otorize yon moun soti anba izolasyon. Pwofesyonèl sante yo ta dwe travay nan tèt ansanm ak depatman sante lokal yo si yo gen kesyon sou izolasyon pasyan yo.

Èske BPHC ka bay yon moun ki te enfekte yon otorizasyon pou yo retounen travay?

BPHC pa bay okenn lèt pou otorize moun ki te enfekte yo pou yo retounen travay. Moun ki enfekte yo gen pou yo pale ak patwon yo pou konnen si y ap kapab retounen travay.

Okenn reprezantan BPHC oswa komite sante lokal mwen an pa t kontakte m. Sa k fè sa?

Kou MDPH rapòte yon ka bay depatman sante lokal la, depatman sa a eseye kontakte ka a. Sepandan, sa ka pran yon ti tan. Si w te jwenn yon rezilta pozitif nan yon tès oswa si yo te ba w yon dyagnostik COVID-19, lèfini plis pase 2 jou gentan pase *depi lè sa a*, ou ta dwe kontakte depatman sante w la. Depatman sante lokal la ka gen difikilte pou l kontakte w oubyen yo ka pa gen bon numero kontak ou a.

